

**DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK (NYS DEPARTMENT OF STATE) -
DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS
(DIVISION OF LICENSING SERVICES)**

**LIS TOUT TRAVAY PRATIK ESTETIK OU DWE FÈ
POU PWOSEDI EGZAMEN AN**

Egzamen sa a ap pran apeprè 2 èdtan pou fè li. Nou bay yon sèten kantite tan pou chak pwosedi jan sa endike anba la a; ou pral demontre pwosedi sa yo sou yon modèl vivan ou dwe bay. Egzaminatè a ap bay enstwiksyon yo aloral anvan demonstrasyon chak pwosedi. Nou mande pou ou pratike sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout tan w ap fè egzamen sa a. Nòt pou pase pou egzamen pratik estetik la se 70 pousan.

**Preparasyon Espas Travay la ak Modèl (15 minit)
N ap Evalye 15 Travay**

Enstwiksyon Aloral:

"Nou Kontan Wè ou nan Egzamen Pratik Estetik. Premye pòsyon egzamen sa a se preparasyon espas travay ou ak modèl ou. Kòmanse bay modèl ou yon rad apwopriye; answit sipèvizè egzamen an ap mande modèl la pou li ale nan zòn kote pou chanje rad li. Pandan modèl ou ap chanje rad li, w ap dezenfekte espas travay ou epi w ap prepare tout materyèl pou egzamen an. Apre ou dezenfekte ak prepare espas travay ou, w ap resevwa enstwiksyon pou kouvri kò modèl ou. Answit ou ta dwe prepare modèl ou. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a fèt pou òdone, pwòp ak abiye, san bijou nan men ni nan bra (sof bag maryaj ak mont ki ka nan ponyèt ou)
- 2) Po modèl la fèt pou pwòp ak san okenn makijaj vizib ak maladi po ki vizib oswa twoub grav
- 3) Nou bay twal pou netwayaj yon sèl fwa ak yon solisyon dezenfektan sifas ki melanje davans epi ki asosye avèk endistri a (ki make epi ki nan resipyan espre)
- 4) W ap aplike solisyon dezenfektan an pou kouvri tout sifas chèz tretman an ak tab travay la, epi ou dwe seche toulède anvan ou kòmanse
- 5) Ou dwe tache yon sache plastik ki ka fèmen sere nan yon pwent estasyon travay la nan limit ki apwopriye
- 6) Ou dwe itilize sache dechè a pou jete tout materyèl sal pou jete pandan pwosedi dezenfeksyon an
- 7) Ou te pote zouti ki bezwen dezenfeksyon nan sant egzamen an (pa egzanp, pensèt nan yon resipyan kouvri ki make "clean" ("pwòp"))
- 8) Ou dwe ranje materyèl yo nan yon mannyè ki òdone ak lojik (pa egzanp, ki gwoupe pou lòd/kalite itilizasyon an)
- 9) Ou PA dwe mete materyèl yo toupren pwent tab la pou yo pa tonbe fasil
- 10) Ou dwe make tout krèm losyon, koton, elatriye, epitou yo dwe nan resipyan apwopriye
- 11) Ou dwe prepare modèl la kòrèkteman pou kouvri kò li (soulye retire; pa gen bijou nan figi oswa nan kou) epi ou dwe kouvri anlè chèz la avèk sèvyèt
- 12) Ou dwe kouvri kò modèl la kòrèkteman: zèpòl yo dwe ekspoze; kò ki anba zèpòl la dwe pwoteje nèt
- 13) Nou bay yon dra apwopriye pou tèt oswa materyèl pou kouvri tèt
- 14) Tèt modèl la dwe kouvri avèk pwoteksyon men pa twò sere san cheve ki twò long
- 15) Ou dwe respekte kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi preparasyon an (pa egzanp, cheve ki antre nan dra tèt la avèk espatil)

Sipresyon Cheve ki pa Nesesè (15 minit)

N ap Evalye 17 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pwochen pòsyon egzamen an se retire cheve ki pa nesesè yo. Ou pral demontre yon similasyon pou rache pwal avèk lasi nan lè siperyè a avèk de bann lasi. Answit w ap kontinye fè yon demonstrasyon sou avanbra modèl ou avèk kat bann yo. Lè ou fini demonstrasyon rache pwal avèk lasi a, w ap resevwa enstwiksyon pou rache sousi modèl ou. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon egzaminatè a. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay tout pwodui pou similasyon rache pwal yo avèk lasi ak pwodui pou similasyon rache pwal yo ak zouti yo pou moun ki aplike a
- 2) Men moun ki aplike fèt pou dezenfekte anvan li manyen po modèl la kote pou modèl la wè aklè
- 3) Zòn po kote ou pral rache pwal avèk lasi a fèt pou rense ak poudre pou retire tout lwil anlès yo anvan ou rache pwal yo avèk lasi.
- 4) Ou dwe aplike yon ti kantite pwodui lasi simile nan do men an pou "teste" tanperati a anvan ou aplike li nan po modèl la.
- 5) Ou dwe mete yon kantite apwopriye lasi sou espatil la epi ou dwe grate espatil la pou lasi a rete sèlman sou yon bò epi pou li pa tonbe.
- 6) Ou dwe kenbe espatil la nan ang apwopriye (ang 45 degre/pa plat) pandan w ap aplike lasi a
- 7) Ou dwe aplike lasi a nan direksyon kwasans cheve a, nan bon jan epesè, ak nan zòn ki pi pa pi gwo pase gwo bann nan
- 8) Ou pa dwe pase lasi a sou veri, grenn bote, grafouyen oswa po ki irite oswa ki gen anflamasyon
- 9) Ou dwe mete bann nan dirèkteman sou lasi a epi ou dwe lise li nan direksyon kwasans cheve a avèk ase pwent lib pou ponyen li fasil
- 10) Ou dwe kenbe po a yon jan sere avèk yon men pandan lòt men an ponyen pwent lib bann nan epi redi li nan direksyon opoze kwasans cheve a.
- 11) Ou dwe fè zòn sousi a vin mou depi ou pase yon ti kantite lwil oswa krèm rensaj sou li anvan ou rache sousi a.
- 12) Ou dwe kenbe po a yon jan sere avèk yon men pandan w ap rache sousi a avèk lòt men a
- 13) Ou dwe rache tout pwal sousi a nan direksyon kote l ap grandi a.
- 14) Sousi yo dwe gen fòm ki apwopriye pou karakteristik zye ak sousi modèl la epi ou dwe byen fòme ak simetrik
- 15) Apre ou fin rache sousi yo, okenn pwent cheve pa dwe rete nan mitan sousi yo, epi ou pa dwe rache twòp sousi
- 16) Modèl la dwe alèz pandan tout pwosedi pou rache sousi yo
- 17) Ou dwe respekte pwosedi sekirite ak enfeksyon yo pandan tout aspè pwosedi pou rache sousi avèk lasi ak pwosedi pou rache sousi yo

Figi (60 minit)

N ap Evalye 23 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pwochen pòsyon egzamen an se figi a. Ou pral kòmanse rensè ak tonifye figi modèl ou. Lè netwayaj la ak tonifikasyon an fini, w ap resevwa enstwiksyon pou analize po modèl ou avèk lanp agrandisman nou te ba ou a. Apre analiz la, n ap mande ou pou fè yon demonstrasyon masaj nan figi pou ajoute omwen diferan ti tap masaj. Nou ka mande ou pou fè pwosedi sa a ankò pou pèmèt yon ase kantite tan pase pou klasman egzaminatè a. Apre masaj figi a, n ap mande ou pou simile ekstraksyon komedon yo (ekstraksyon alamen pa obligatwa) lè ou gen pou aplike yon mask tretman annapre. Finalman, w ap retire mask la epi w ap pase pwoteksyon lajounen. Answit modèl ou ap resevwa enstwiksyon pou li retounen nan charm pou mete rad li sou li ankò pandan l ap prepare pou pòsyon makiyaj egzamen an. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 60 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay tout pwodui ak zouti ki nesèsè pou pwosedi nan figi a, tankou tanpon ki fèt davans
- 2) Ou dwe aplike pwodui rensaj la an kantite apwopriye, epi ou dwe itilize manipilasyon kòrèk yo pou kouvri zòn kou a ak figi a nèt.
- 3) Ou dwe itilize tanpon ak eponj apwopriye pou retire pwodui rensaj yo nan figi a epi ou dwe chanje yo souvan
- 4) Ou dwe retire pwodui rensaj yo nèt nan tout kou a ak nan zòn figi a avèk manipilasyon kòrèk
- 5) Pandan tout aplikasyon an ak eliminasyon pwodui rensaj la, manipilasyon yo dwe fèt dousman, yon fason ki lis ak konsistan, avèk kantite presyon kòrèk
- 6) Ou dwe mete tanpon zye yo nan zye modèl la pou pwoteje yo kont limyè lanp agrandisman an
- 7) Ou de analize po ki nan tout figi a ak kou a anba lanp agrandisman an
- 8) Ou dwe pran yon ti seksyon po figi a ant dwèt yo epi ou dwe detire li apèn pou analize teksti po a
- 9) Moun ki aplike a ap demontre kòrèkteman mouvman efleraj sou pati apwopriye kou a ak/oswa figi a
- 10) Moun ki aplike a ap demontre kòrèkteman mouvman petrisaj sou pati apwopriye kou a ak/oswa figi a
- 11) Moun ki aplike a ap demontre kòrèkteman mouvman friksyon sou pati apwopriye kou a ak/oswa figi a
- 12) Moun ki aplike a ap demontre kòrèkteman mouvman ti tap/pèkisyon sou pati apwopriye kou a ak/oswa figi a
- 13) Ou dwe fè tout mouvman masaj yo dousman, avèk toulède men yo toutan, epi modèl la dwe alèz pandan tout pwosedi a
- 14) Ou dwe retire lwil oswa krèm masaj la nan po modèl la nèt epi nan yon manyè ki apwopriye
- 15) Ou dwe itilize gan pandan similasyon ekstraksyon komedon an alamen
- 16) Ou dwe itilize lanp agrandisman an pandan similasyon ekstraksyon komedon an alamen
- 17) Ou dwe itilize tanpon koton ki gen epesè apwopriye (pa klinèks), ki satire avèk losyon oswa astrenjan, pou similasyon ekstraksyon komedon an
- 18) Ou dwe espere oswa siye po a avèk astrenjan oswa losyon an apre ekstraksyon komedon an
- 19) Mask tretman an fèt pou apwopriye pou modèl la epi ou dwe aplike li kòrèkteman (avèk espatil oswa men ou SAN bwòs)
- 20) Ou dwe itilize tanpon zye a pou pwoteje zye yo pandan aplikasyon mask tretman an
- 21) Ou dwe retire mask tretman an kòm sadwa (eponj yo Oke, men ou dwe elimine yo oswa ou dwe remèt yo bay modèl la nan fen egzamen an)
- 22) Pwoteksyon lajounen apwopriye pou modèl la epi ou dwe aplike li kòrèkteman
- 23) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi figi a

Aplikasyon Makiyaj ak Netwayaj (30 minit)

N ap Evalye 15 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Dènnye pòsyon egzamen an se aplikasyon vèni ak netwayaj. Ou pral demontre yon makiyaj lajounen okonplè sou modèl ou. Lè aplikasyon makiyaj ou fini, ou ka kòmanse netwaye espas travay ou epitou ou ka kòmanse rasanble materyèl ou yo. Lè ou fini, tanpri rekile pou endike ou fini epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. L ap fè ou konnen kilè ou ka kite espas travay ou, epi lè ou prale, w ap gen pèmisyon pou jete sache dechè ou yo pandan w ap kite sal egzamen an. Ou gen 30 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay tout pwodui makiyaj yo ak aplikatè pou itilize yo yon sèl fwa
- 2) Ou dwe aplike makiyaj korektif yon fason apwopriye pou modèl la epi ou dwe melanje li kòrèkteman nan baz la
- 3) Ou dwe pase yon kantite baz ki pi piti anpil nan yon tonifikasyon po apwopriye modèl la epi egalego sou tout figi a epi ou dwe melanje li nèt
- 4) Ou dwe pase poud la kòm sadwa nan figi a pou prepare baz la
- 5) Ou dwe aplike koulè jou a nan pwen kòrèk figi a, ou dwe melanje li kòrèkteman epi nou bay li gratis pou modèl la
- 6) Ou dwe aplike omwen de fa popyè nan zye yo, epi ou dwe itilize youn pou sibriyans oswa kontounaj
- 7) Koulè fa popyè a gratis pou modèl la
- 8) Ou dwe aplike kreyon kontou zye a nan yon liy ki mens ak egalego; ou dwe itilize dwèt yo pou kenbe zye a estab pandan aplikasyon an
- 9) Ou dwe pase maskara kòrèkteman nan kantite kòrèk la
- 10) Ou dwe bwose sousi yo epi answit akote nan direksyon kwasans cheve a
- 11) Ou dwe aplike koulè sousi yo avèk ti tanp lejè tankou cheve, nan yon fa ki apwopriye epi ou dwe bwose yo pou retire koulè anplis ki soti nan aparans natirèl la
- 12) Ou dwe trase kontou lèv yo pou gwosè ak fòm lèv modèl ou epitou ou dwe ranpli yo kòrèkteman avèk koulè lèv; koulè yo fèt pou apwopriye sou aparans jeneral la
- 13) Ou dwe respekte sekirite ak sanitasyon pandan tout aspè pwosedi aplikasyon makiyaj la
- 14) Ou dwe mete tout materyèl pou itilize yon sèl fwa ak sa pou itilize anpil fwa yo ak zouti yo pare pou eliminasyon apwopriye oswa pou pote lwen sant egzamen an
- 15) Pòs travay la ak zòn toupre a dwe rete nan yon manyè ki pwòp ak òdone

SA OU DWE DI KANDIDA YO LÈ YO PRALE:

Mèsi paske ou vini. N ap fè ou konnen nan imèl lè rezilta egzamen an disponib. Ou dwe konekte nan kont Sant Lisans Eta New York (NYS License Center) ou pou wè rezilta yo anba seksyon Egzamen. Si ou pase egzamen jodi a epi si ou te pase egzamen ekri a, w ap resevwa lisans ou pa lapòs. Si ou pa pase egzamen jodi a, oswa si ou bezwen pran egzamen ekri a, w ap gen obligasyon pou pwograme li epi peye sou entènèt pou pwochen egzamen ou. Bòn chans!